

## VAKSINASYON POU TOUT MOUN

# Vaksen kont COVID-19 pou Timoun yo

## Kesyon yo Poze Pi Souvan pou Paran ak Moun k ap Bay Swen yo

### Kòman mwen ka vaksinen pitit mwen an kont COVID-19?

Gen plizyè fason pou w jwenn yon vaksen kont COVID-19 pou pitit ou a. Nou ankouraje w pran randevou pou bay timoun yo vaksen. Ou ka pran yon randevou nan fason sa yo:

- + Rele pedyat ou a
- + Rele 1-877-VAX-4NYC (1-877-829-4692)
- + Itilize NYC Vaccine Finder sou [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov), ki gen ladan l famasi, sant sante nan katye yo, klinik mobil vaksinasyon yo, klinik mobil ak kanpay vaksinasyon mobil nan ti bis ak bis
- + Mande yon vaksinasyon adomisil sou [forms.cityofnewyork.us/f/home](https://forms.cityofnewyork.us/f/home). Yo ankouraje randevou pou vaksen pou timoun yo. Yo aksepte kèk moun ki vini san randevou. Tanpri pran yon randevou pou vaksinasyon pitit ou a pou [covid19.nychealthandhospitals.org/COVIDVaxEligibility](https://nychealthandhospitals.org/COVIDVaxEligibility) epi kontakte youn nan lopital nou yo si w gen kesyon sou disponiblite vaksen pou timoun yo

Jwenn plis enfòmasyon sou ki kote pou w al pran vaksen an [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov) oswa rele 877-829-4692.

### Ki vaksen NYC Health + Hospitals bay timoun ki poko gen 5 lane yo?

NYC Health + Hospitals bay vaksen Pfizer kont COVID-19 pou timoun ki gen soti 6 mwa pou rive 4 lane.

### Poukisa pitit mwen an ta dwe pran vaksen kont COVID-19 la?

COVID-19 la ka lakoz gwo danje lakay timoun yo epi li ka fè yo malad anpil. Timoun ki malad anpil yo oswa ki gen pwoblèm sante alontèm yo, tankou doulè nan misk oswa pwoblèm pou respire, ka bezwen swen lopital, epi yo ka menm mouri. COVID-19 se youn nan 10 pi gwo kòz lanmò lakay timoun yo Ozetazini. Pi bon fason pou w pwoteje pitit ou a kont COVID-19 se vaksinen l.

Vaksen an san danje epi li trè efikas pou anpeche maladi COVID-19 la ka lakoz lakay timoun ki gen 6 pou rive 17 lane yo. Timoun ki pran vaksen an gen mwens chans pou yo enfekte epi pwopaje COVID-19. Lè w vaksinen pitit ou kont COVID-19 la, sa ede w pwoteje fanmi w ak kominote w ap viv la tou.

### **Èske vaksen kont COVID-19 la san danje pou timoun piti yo?**

Wi! Yo te teste Vaksen Pfizer kont COVID-19 la sou plizyè milye timoun ki gen 6 pou rive 17 lane, li san danje epi li efikas. Pa t gen nan timoun sa yo ki te prezante efè segondè grav.

Administrasyon Manje ak Medikaman Ameriken an te siveye pwosesis tès la ak anpil prekosyon. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi epi lòt ekspè toujou ap chèche ak anpil atansyon tout siy ki ka lakoz danje lakay timoun ki te resevwa vaksen kont COVID-19 la.

### **Konbyen dòz vaksen kont COVID-19 pitit mwen an bezwen pran pou l vaksinen konplètman?**

Timoun ki gen 6 mwa pou rive 4 lane yo ta dwe resevwa twa dòz nan vaksen Pfizer kont COVID-19 la. Premye ak dezyèm dòz yo separe ak yon entèval twa semèn, epi dezyèm ak twazyèm dòz yo separe ak yon entèval uit semèn.

Timoun ki gen 5 pou rive 11 lane yo ta dwe resevwa de dòz vaksen Pfizer kont COVID-19, yo chak nan entèval twa semèn. Yo konsidere pitit ou a konplètman vaksinen de semèn apre dezyèm dòz la. Timoun ki gen 5 lane oswa ki pi gran ki iminodeprime yo sipoze pran yon dòz anplis pou pi piti 28 jou apre dezyèm dòz Pfizer yo a (sa bay an total twa dòz) nan kad seri prensipal yo a.

### **Èske vaksen kont COVID-19 pou timoun yo se menm ak vaksen pou lòt moun yo?**

Vaksen Pfizer kont COVID-19 pou timoun ki gen 6 mwa pou rive 4 lane yo se 3 mikwogram, ki se yon dizyèm nan dòz pou adolesan ak granmoun yo. Vaksen Pfizer kont COVID-19 pou timoun ki gen 5 lane pou rive 11 lane yo se 10 mikwogram, ki se yon tyè nan dòz pou adolesan ak granmoun yo. Chèchè yo dekouvri dòz ki pi fèb yo lakoz mwens efè segondè lakay timoun piti yo epi li te efikas tou pou anpeche fòm grav COVID-19 la menm jan ak dòz ki pi wo a.

### **Èske pitit mwen an ap gen efè segondè apre vaksen kont COVID-19 la?**

Anjeneral, efè segondè vaksen Pfizer kont COVID-19 la lakay timoun ki gen 6 mwa pou rive 17 lane yo pa grav. Yo pa komen oswa enkonfòtab menm jan ak efè segondè lakay adolesan ak granmoun yo. Timoun yo ka santi yon ti doulè lè yo pran vaksen an, menm jan ak nenpòt lòt vaksen. Apre sa, yo ka gen doulè nan bra yo epi yo ka santi yo fatige oswa gen doulè, tèt fè mal, oswa lafyèv. Sa yo se tout siy ki montre kò w ap bati pwoteksyon kont COVID-19. Efè segondè yo anjeneral disparèt apre youn oubyen de jou.

### **Èske pitit mwen an gen risk pou l gen pwoblèm sante apre li fin pran vaksen kont COVID-19 la, tankou pwoblèm kè?**

Pa gen okenn prèv ki montre vaksen Pfizer kont COVID-19 la lakòz pwoblèm sante alontèm. Gendwa gen yon risk ki ba anpil pou enflamasyon kè lakay timoun ki gen 5 lane pou rive 11 lane yo ki pran vaksen kont COVID-19 la, men pa t gen okenn ka enflamasyon kè nan esè klinik lakay timoun ki gen 5 pou rive 11 lane yo. Nan kèk ka yo dekouvri lakay adolesan ki gen 12 pou rive 17 lane yo, anpil ladan yo te gen sentom lejè epi yo te amelyore gras ak medikaman sou preskripsyon ak repo. An reyalyte, risk pou gen pwoblèm kè alontèm yo pi wo si pitit ou a vin malad ak viris ki lakoz COVID-19.

### **Èske vaksen kont COVID-19 la ap afekte fètilite pitit mwen an?**

Pa gen okenn prèv ki montre vaksen Pfizer kont COVID-19 la ka lakòz pwoblèm fètilite. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi epi lòt ekspè sante rekòmande pou moun ki vle fè yon timoun pran vaksen an.

### **Pitit mwen an te gen COVID-19 deja epi li fè mye kounye a. Èske mwen ta dwe toujou fè li vaksinen?**

Yo rekòmande vaksen Pfizer kont COVID-19 la pou tout timoun ki elijib, kit yo te gen COVID-19 oubyen yo pa t genyen l. Rechèch yo montre moun ki pran vaksen yo pi byen pwoteje kont COVID-19 la pase moun ki senpman geri yo. Nou pa konnen tou konbyen tan pwoteksyon kont COVID-19 la ap dire lè w fin geri. Bay pitit ou a vaksen se pi bon fason pou pwoteje l pou l pa trape COVID-19 la ankò.

### **Pitit mwen an ap gen 12 lane nan pa twò lontan. Èske mwen ta dwe tann lè sa pou m ba li dòz vaksen ki pi wo a?**

Nou rekòmande w mennen pitit ou a al pran vaksen pi vit posib.

### **Si pitit mwen an gen 4 lane lè li pran premye dòz la epi li gentan gen 5 lane anvan dezyèm oswa twazyèm lan, OSWA si pitit mwen an gen 11 lane lè l pran premye dòz la epi li gentan gen 12 lane anvan l pran dezyèm dòz la, èske l ap resevwa yon dòz ki pi wo lè sa a?**

Wi. Dòz vaksen an ap baze sou laj pitit ou a nan moman li pran vaksen an, men gen fleksibilite pou w chwazi dòz ki pi ba a.

### **Èske pitit mwen an ka pran vaksen kont COVID-19 la an menm tan ak lòt vaksen, tankou vaksen kont grip la?**

Wi. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a rekòmande pou pran vaksen kont COVID-19 la ak lòt vaksen—tankou vaksen kont grip la—nan menm moman. Pa gen okenn nesosite pou kite tan pase ant vaksen yo.

### **Èske pitit mwen an ka toujou trape COVID-19 apre li fin pran tout vaksen yo nèt?**

Si pitit ou a ekspoze ak viris ki lakòz COVID-19 la apre li fin pran tout vaksen yo nèt, gen yon ti chans pou li enfekte. Men, vaksen an efikas anpil pou anpeche maladi grav, bezwen pou swen lopital, komplikasyon alontèm ak lanmò. Gen mwens chans tou pou pitit ou a simaye viris la si li pran vaksen an.

### **Èske vaksen kont COVID-19 la obligatwa pou pitit mwen an ale lekòl?**

Nou rekòmande ou vaksinen pitit ou a kont COVID-19 pou kenbe li menm ak kamarad klas li yo an sante. Kounye a, li pa obligatwa pou w vaksinen pou w ale nan lekòl leta yo. Lekòl prive, gadri ak kan yo ka mande sa, kidonk li pi bon pou w verifye sa ak founisè swen sante w la. Lè pitit ou a pran vaksen kont COVID-19 la sa ap pèmèt li ret nan salklas la, patisipe nan aktivite apre lekòl yo ak fè espò, epi rankontre zanmi l yo, an tout sekirite.

### **Èske yo rekòmande vaksen rapèl yo pou timoun?**

Pou kounya, nou ankouraje tout moun ki gen 5 lane oswa plis pou yo pran yon vaksen rapèl. Moun ki gen ant 5 lane pou rive 17 lane ki te deja resevwa premye seri dòz Pfizer a sa gen plis pase senk mwa kalifye pou pran vaksen rapèl Pfizer a sèlman. Kèk timoun iminodeprime ki gen ant 5-11 lane ka resevwa yon dòz anplis nan vaksen Pfizer a 28 jou apre dezyèm vaksen yo a. Timoun ki gen 5 lane oswa plis epi ki iminodeprime yo ta dwe pran yon vaksen rapèl pou pi piti twa mwa apre yo fin resevwa dòz anplis seri prensipal vaksen Pfizer kont COVID-19 la (sa ap bay an total kat dòz). Pale ak doktè k ap bay pitit ou a premye swen yo pou w aprann plis.

### **Pitit mwen an gen yon sistèm iminitè ki fèb. Èske vaksen kont COVID-19 la ap pwoteje l?**

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon kont Maladi a rekòmande vaksen Pfizer a pou moun ki gen yon sistèm iminitè ki fèb paske yo gen plis chans pou yo malad anpil si yo trape COVID-19. Menm apre yo fin pran vaksen an, moun ki gen yon sistèm iminitè ki fèb gen mwens pwoteksyon pase lòt moun ki pran vaksen an. Lè plis moun nan yon kominote pran vaksen yo, moun ki gen yon sistèm iminitè ki fèb – tankou timoun yo – pi byen pwoteje kont COVID-19. Se poutèt sa li enpòtan pou plis Nouyòkè posib pran vaksen an. Kèk timoun iminodeprime ki gen ant 5-11 lane ka resevwa yon dòz anplis nan vaksen Pfizer a 28 jou apre dezyèm vaksen yo a.